**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

**БУЙРЫҚ**

**Нөкис қаласы** **№** 65 Д/1 **«**23**»** 01 **2020-жыл**

**Университет хызметкерлери ушын Кәсип әдепнамасын тастыйықлаў ҳаққында**

**Өзбекстан Республикасы Жоқары ҳәм орта арнаўлы билим министрлигиниң 2019-жыл 30-декабрь күнги 1201-санлы буйрығы талапларын орынлаў мақсетинде**

**Б У Й Ы Р А М А Н:**

1. Университет хызметкерлери ушын ислеп шығылған Кәсип әдепнамасы қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

2. Усы Кәсип әдепнамасы университет басшылары, профессор-оқытыўшылар, техникалық хызметкерлер, оқыў жәрдемши хызметкерлери, техникалық пайдаланыў ҳәм хожалық бөлими хызметкерлери ушын енгизилсин усы Кәсип әдепнамасы қағыйдаларына әмел қылынсын.

**3. Үлкен юрист-мәсләҳәтши А.Баймуратовқа:**

3.1. Усы Кәсип әдепнамасынан келип шығып университеттиң ишки тәртип қағыйдаларына тийисли өзгерислер киргизилсин.

**4. Жаслар менен ислесиў бойынша проректор О.Дуйсенбаев ҳәм факультет деканларына:**

4.1. Барлық хызметкерлер арасында Кәсип әдепнамасының мазмуны ҳәм әҳмийети ҳаққында үгит-нәсиятлаў жумыслары әмелге асырылсын.

**5. Кадрлар бөлими баслығы В.Молодцова ҳәм факультет деканларына:**

5.1. Университетке жумысқа қабыл етилип атырған ҳәр бир хызметкер усы Кәсип әдепнамасы менен танысып шығыўы ҳәм оның қағыйдаларына әмел қылыўын өз жуўапкершилигине алған ҳалда имза қоятуғынлығы инабатқа алынсын.

6. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаўды өз жуўапкершилигимде қалдыраман.

**Тийкары:** **Өзбекстан Республикасы Жоқары ҳәм орта арнаўлы билим министрлигиниң 2019-жыл 30-декабрь күнги 1201-санлы буйрығы.**

| | |
|---|---|
| **Ректор** | **А.Реймов** |
| **Таярлаған:** | **И.Жуманиязов** |
| **Келисилди:** | **О.Дуйсенбаев** |
| | **А.Баймуратов** |

*Университеттиң 2020-жыл «23» январь күнги 53-Ю/1 -санлы буйрығына қосымша*

**Қарақалпақ мәмлекетлик университети хызметкерлери ушын Кәсип әдепнамасы**

## I. Улыўма қағыйдалар

1. Бул «Қарақалпақ мәмлекетлик университети хызметкерлери ушын Кәсип әдепнамасы» (кейинги орынларда "Кәсип әдепнамасы" деп жүритиледи) Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2019-жыл 27-майдағы "Өзбекстан Республикасында коррупцияға қарсы гүресиў системасын және де жетилистириў ис-илажлары ҳаққында"ғы ПФ-5729-санлы пәрманы ҳәм де Жоқары билимлендириў системасында "Коррупциясыз тараў" жойбарын әмелге асырыў бойынша "Жол картасы"нда белгиленген ўазыйпалар орынланыўы бойынша ислеп шығылған болып, кәсип әдепнамасының улыўма принциплери ҳәм хызметтеги минез-қулқтың тийкарғы қағыйдалары жыйындысынан ибарат.

2. Бул Кәсип әдепнамасы университет системасындағы (кейинги орынларда "Оқыў орынлары" деп жүритиледи) басшылары, профессор-оқытыўшылары ҳәм де барлық хызметкерлери (кейинги орынларда "Хызметкерлер" деп жүритиледи) ушын қолланылады. Басқа министрлик ҳәм мәкемелер системасындағы жоқары ҳәм профессионал оқыў орынлары хызметкерлери ушын усыныслық характерге ийе есапланады.

3. Кәсип әдепнамасы университет хызметкерлериниң өз ара қарым-қатнасындағы әдеп-икрамлылық принциплери, әмел қылыўы шәрт болған минез-қулқ қағыйдалары ҳәм де мәжбүриятларды белгилеп береди.

4. Жумысқа қабыл етилип атырған ҳәр бир хызметкер Кәсип әдепнамасы менен танысып шығыўы ҳәм де оған әмел қылыўын өз мойнына алған ҳалда имза қойыўы шәрт.

5. Оқыў орынлары хызметкерлери жәмәәт, мәмлекет, мәмлекетлик емес шөлкемлер, билимлендириў ҳәм илимий мәкемелер, исбилерменлик субъектлери, ғалаба хабар қураллары ҳәм студентлердиң ата-аналары менен өз ара мүнәсибетлерде Кәсип әдепнамасында нәзерде тутылған көрсетпелерге әмел қылыўы лазым.

## II. Мақсет ҳәм ўазыйпалар

6. Кәсип әдепнамасының мақсети университетте саламат руўхый ҳәм социаллық-психологиялық орталықты қәлиплестириў, оның атақ-абыройын абайлап-сақлаў, жоқары руўхый-әдеп-икрамлылық талапларға жуўап бериўши жоқары маманлықтағы ҳәм профессионал кадрлар таярлаўға жәрдемлесиў, университеттиң жәмийеттеги ҳәм де билимлендириў системасындағы атақ-абыройын және де арттырыў.

7. Кәсип әдепнамасының тийкарғы ўазыйпалары:

жоқары руўхый-әдеп-икрамлылық пазыйлетлерге ийе, жәмийет, мәмлекет ҳәм шаңарақ алдында өз жуўапкершилигин сезинетуғын, басламашы, заманагөй билимлерге ийе болған қәнигелерди таярлаўда университет хызметкерлериниң жуўапкершилигин арттырыў;

университет хызметкерлери арасында коррупцияға қарсы гүресиўге, әдеп-икрамлылықты бузыўға қаратылған ҳәр қандай ис-ҳәрекетлердиң алдын алыў ҳәм басқа түрли қорқынышлы қәўиплерден қорғаўға көмеклесиў;

университет хызметкерлериниң мәнаўий иммунитетин қәлиплестириў, сақлаў, қорғаў ҳәм басқалар.

## III. Хызметкерлердиң кәсип әдебине тийисли улыўма қағыйдалар

8. Университетте аўызбиршилик, өз ара исеним, ҳүрмет, бир-бирине ғамхорлық етиў ҳәм де татыўлық хызметкерлердиң өз ара қарым-қатнасындағы әҳмийетли шәртлер есапланады.

9. Университетте өз ара қатнасықлардың тийкарғы принципи – бир инсанның ҳуқықы басқа инсанның ҳуқықын аяқ асты етпеўи керек, соннан, хызметкердиң сөз еркинлиги оған биреўге жала жабыў, оны ақыретлеў, өз ара қатнасықларда улыўма қабыл етилген әдеп-икрамлылық қағыйдаларын қыр көрсетип менсинбеўде сәўлелениўши уятсыз сөзлерден пайаланыўы қадаған етиледи.

10. Халқымыздың руўхый мийрасын асырап-сақлаў мақсетинде хызметкерлер бир-бирине ҳүрметсизлик қылыўы, уятсыз сөзлер ислетиўи қатаң қадаған етиледи ҳәм де жоқары ҳәм профессионал оқыў орынларында өз ара “Сиз” деп мүрәжат етиў әдетке айланыўы лазым.

11. Университет хызметкерлери түрли илажларда (мәжилислер, салтанатлы жыйналыслар, әмелий ушырасыўлар, байрамлар ҳәм т.б.) сөзге шығыўшыларға ҳүрмет пенен қатнаста болыўы, күнделикли тынышлыққа әмел қылыўы шәрт.

12. Биналарға кириў орынларында тығылыспа жүзеге келгенде, еркеклер ҳаялларды өзлеринен алдын өткизип жибериўи лазым.

13. Бинаға кирип баратырған ҳәр бир хызметкер биналарға кирип-шығыўды қадағалаў ушын тайынланған жуўапкер тәреп ямаса нәўбетшиге өзиниң ким екенлигин тастыйықлаўшы ҳүжжетти ашық ҳалда көрсетиўи шәрт.

14. Хызметкерлер университет аймағында жолдың оң тәрепинен жүриўи ҳәм бир-бирине дус келгенде әлбетте сәлемлесиўи керек.

15. Миллий ҳәм улыўмаинсаный қәдриятларға тән болмаған ямаса оқыў орнының ишки машқалаларына байланыслы мәселелерди интернет тармағына жайластырыў ямаса оннан түрли мақсетлер жолында пайдаланыў қадаған етиледи.

16. Компьютерлерде университетке тийисли болмаған мағлыўматларды, сондай-ақ, түрли кинофильмлер, нызамға қарсы диний мағлыўматлар, уятсыз сүўретлер, миллий, расалық, этникалық, диний келиспеўшиликти ен жайдырыўшы ҳәр қандай материалды таярлаў, сақлаў, тарқатыў ҳәм үгит-нәсиятлаў қатаң қадаған етиледи.

17. Оқыў сабақларына, жумысқа ҳәм хызметкерлердиң тынышлығына кесент ететуғын ис-ҳәрекетлер (радиоприёмник, телевизор, магнитофон ҳәм басқа сес күшейтиў қуралларынан мақсетсиз пайдаланыў) қылыў қадаған етиледи.

18. Университет хызметкерлери сабақларға ҳәм жумысқа белгиленген күн тәртиби бойынша өз ўақтында келиўи ҳәм де кетиўи шәрт.

19. Университетте ҳәр қандай ҳуқықбузарлық ислеў қадаған етиледи, соннан, жала жабыў, ақыретлеў, хызметкерге руўхый ямаса материаллық зыян жеткизиўи мүмкин болған мағлыўматты тарқатыў, дене жарақатын жеткизиў, пуқаралық тутыныўдан шығарылған затларға тийисли қатнасыларға кирисиў (нәшебентлик затлар, психотроп қураллар ҳәм т.б.), мәскүнемлик, шегиўшилик, күнделикли турмыслық тынышлықты бузыў, жәнжеллесиў, қумар ҳәм тәўекелшиликке тийкарланған басқа ойынлар ойнаў қатаң қадаған етиледи.

## IV. Хызметкерлердиң хызметиндеги өзин услап тутыўының (жүрис-турысының) тийкарғы принциплери ҳәм қағыйдалары

20. Хызметкерлер өз кәсиплик искерлигин төмендеги принциплер тийкарында әмелге асырыўы керек:

- нызамлылық;
- пуқаралар ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм нызамлық мәплериниң үстинлиги;
- ўатансүйиўшилик ҳәм хызмет ўазыйпасына пидайылық;
- мәмлекет ҳәм жәмийет мәплерине садықлық;

- әдиллик, ҳадаллық ҳәм қалыслық;
- мәплер соқлығысыўына жол қоймаў.

21. Хызметкерлер төмендегилерге мәжбүр:

- хызмет ўазыйпаларын орынлаўда мәмлекет принциплери ҳәм талапларына қатаң әмел қылыў;
- өз хызмет ўазыйпаларын ҳүжданы менен, жоқары профессионал дәрежеде орынлаў;
- жоқары мәмлекетлик органлар ҳәм лаўазымлы тәреплердиң толық ҳуқықлары шеңберинде қабыл етилген қарарларын (тапсырмаларын) өз ўақтында сапалы орынлаў;
- өз хызметин нызам ҳүжжетлеринде ҳәм ишки локал ҳүжжетлерде белгиленген лаўазым толық ҳуқықлары шеңберинде әмелге асырыў;
- өз хызмет ўазыйпаларын атқарыўда қандай да бир шахслар, топарлар ямаса шөлкемлерге бағыныў ямаса үстинлик бермеў, олардың тәсиринен ғәрезсиз болыў, пуқаралардың ҳуқықлары, мәжбүриятлары ҳәм нызамлы мәплерин есапқа алыў, кемситиў жағдайларына жол қоймаў;
- өз хызмет ўазыйпаларын орынлаўға тосқынлық етиўши қандай да бир жеке, материаллық ҳәм басқа мәплердиң тәсири менен байланыслы болған ис-ҳәрекетлерди сапластырыў;
- норматив-ҳуқықый ҳүжжет ҳәм мәкеме ҳүжжетлеринде белгиленген шеклеўлер ҳәм қадаған етиўлерге әмел етиў, өз хызмет ўазыйпаларынан шетке шықпай орынлаў;
- өз хызмет ўазыйпаларына қандай бир тәсир етиўши имканиятты сапластырыў;
- Өзбекстан Республикасы ҳәм басқа мәмлекет халықларының үрп-әдетлери ҳәм дәстүрлерин ҳүрмет етиў, түрли этникалық, социаллық топарлар ҳәм конфессиялардың мәдений ҳәм де басқа өзгешеликлерин есапқа алыў, социаллық турақлылыққа, миллетлер аралық татыўлыққа көмеклесиў;
- өзлериниң хызмет ўазыйпаларын ҳүжданлы орынлаўда гүман пайда етиўи мүмкин болған минез-қулықтан өзин тыйыў, сондай-ақ, өз абырайына ямаса оқыў орнының абырайына зыян жеткериўге ийе болған жағдайларға жол қоймаў;
- хызмет абырайынан университеттиң лаўазымлы шахслары, сондай-ақ, пуқаралар жумысына нызамсыз тәсир көрсетиў ушын пайдаланбаў.

22. Сиясий, экономикалық жақтан мақсетке муўапықлық, сондай-ақ жеке мәплер ҳәм басқа субъектив себеплер хызметкерлердиң нызам ҳүжжетлери талапларын ҳәм кәсиплик әдепнамасы қағыйдаларын бузыўына тийкар бола алмайды.

23. Егер нызам ҳүжжетлеринде басқаша тәртип нәзерде тутылмаған болса, хызметкерлерге өз хызмет ўазыйпаларын орынлаў мүнәсибети менен қандай да бир материаллық байлықларды алыў ямаса физикалық ямаса юридикалық шахслардан басқаша мәп көриў қадаған етиледи.

24. Хызметкерлер коррупция жағдайларына қарсы гүресиўи ҳәм олардың профилактикасына белсенди көмеклесиўи шәрт. Хызметкерлер өз басшыларын ямаса ҳуқықты қорғаў органларын оларды ҳуқықбузарлықлар ислеўге аўдырыў мақсетинде қандай да бир шахслардың қылған мүрәжатларының барлық жағдайлары ҳаққында, сондай-ақ, басқа хызметкерлер тәрепинен ислеген ҳуқықбузарлықлардың өзлерине белгили болған ҳәр қандай жағдайлар ҳаққында хабардар етиўи шәрт.

Университет басшылары шахслар нызамшылықтың бузылыў фактлери ҳаққында мүрәжат еткенлиги мүнәсибети менен ямаса билдирилген пикир ҳәм мүрәжаттағы сын пикири ушын, тап сондай басқаша түрде сын пикир билдиргени ушын жумыстан босатылыўына ямаса басқаша түрде қуўдаланыўына жол қойылмаўы тәмийинлениўи керек.

25. Хызметкер кәсиплик искерлиги даўамында өзлерине белгили болған информацияның сақланыўы ҳәм сырлығын тәмийинлеў бойынша барлық шараларды көриўи шәрт, олардың әшкар етилгенлиги ушын олар нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте жуўап береди.

26. Басшы өзине бойсыныўшы хызметкерлерге болған жоқары профессионализм, ҳүждан тазалығы ҳәм әдалатта өрнек болыўы, оқыў орнында ямаса оның қурамлы бөлиминде руўхый-психологиялық орталық қәлиплесиўине көмеклесиўи тийис, ол өзине бойсыныўшы хызметкерлерден олардың хызмет ўазыйпалары шеңберинен шығатуғын тапсырмаларды орынлаўды талап етпеўи, сондай-ақ, нызамға қылап ис-ҳәрекетлерди ислеўге ийтермелемеўи керек.

Басшы кадрларды туўысқанлық ямаса жеке садықлық белгилери бойынша таңлаў ҳәм лаўазымға тайынлаў жағдайына жол қоймаўы керек. Топарларға бирлесиў, жерлеслик, фаворитизм көринислери, сондай-ақ, өз хызмет ўазыйпаларын орынлаў процесинде басқа унамсыз факторлардың қатаң түрде алдын алыў тийис.

Басшы:

мәплер соқлығысыўының алдын алыў ҳәм оларды тәртипке салыў бойынша өз ўақтында шара-илажлар көриўи;

коррупцияның алдын алыў шараларын көриўи;

хызметкерлерди нәтийжели басқарыў, өзине исенип тапсырылған мүлкке ҳәм қаржылық қәрежетлерге абайлылық ҳәм үнемлилик пенен қатнаста болыўы шәрт.

Басшы өзине бойсыныўшы хызметкерлердиң хызметтеги минез-қулық принциплери ҳәм қағыйдаларын бузып атырған ис-ҳәрекетлерине (ҳәрекетсизлигине) жол қоймаўы ушын жуўап береди.

27. Хызметкерлер өзлериниң хызмет ўазыйпаларына болған қатнасы менен жәмәәтте исшеңлик, өз ара тилеклеслик ҳәм әмелий бирге ислесиў орталығын орнатыўға умтылыўы керек.

Хызметкерлер мәмилели, әлпайым, әдепли, итибарлы, пуқаралар ҳәм кәсиплеслери менен өз ара қатнаста сабыр-тақатлы болыўы, оларды ҳүрмет етиўи шәрт. Хызметкерлер өзине бойсыныўшыларға ғана емес, ал өз кәсиплеслери, басшылары ҳәм пуқараларға да қопаллық етпеўи, олардың абырайы ҳәм қәдир-қымбатын кемситпеўи, оларға тийкарсыз психологиялық ҳәм физикалық тәсир етиў жағдайларына жол қоймаўы керек.

Хызмет ўазыйпаларын орынлаў ўақтында жумыс шәртлери ҳәм хызмет ўазыйпаларының түрине байланыслы жағдайда хызметкерлердиң сыртқы көриниси (кийиниў мәдениятына әмел етиўи) пуқаралардың университетке ҳүрмет пенен қатнаста болыўына жәрдем бериўи, улыўма қабылланған жумыс стилине муўапық болыўы, олар рәсмийлиги, салдамлылығы ҳәм тәртиплилиги менен басқалардан ажыралып турыўы керек.

28. Хызметкерлер хызметтен тысқары ўақытта улыўма қабылланған әдеп-икрамлылық кағыйдаларына әмел етиўи, социаллық емес ис-ҳәрекетлерге жол қоймаўы керек.

## V. Мәплер соқлығысыўы

29. Хызметкерлер өз хызмет ўазыйпаларын орынлаўда мәплер соқлығысыўына себеп болатуғын жеке мәплик жағдайларына жол қоймаўы керек.

Мәплер соқлығысыўы хызметкерлердиң жеке мәплери оларды өз хызмет ўазыйпаларын қалыс ҳәм бийғәрез орынлаўға тәсир ететуғын ямаса тәсир етиўи мүмкин болған жағдайларда пайда болады.

Хызметкерлердиң жеке мәпдарлығы олардың жеке ямаса жақын туўысқанлары, сондай-ақ олар жақын ямаса исбилерменлик қатнасларда болатуғын басқа шахслар ушын ҳәр қандай мәп көриў ямаса абзаллықларға ийе болыўды өз ишине алады.

Мәплер соқлығысыўы жүзеге келген жағдайда хызметкерлер өз басшысын дәрҳал хабардар етиўи керек.

Мәплер соқлығысыўы барлығы ҳаққындағы мағлыўматты алған басшы оны тәртипке келтириў бойынша өз ўақтында шаралар көриўи шәрт.

30. Хызметкерлер өзлериниң хызмет ўазыйпаларын талап дәрежесинде орынлаўға ямаса оларға зыян жеткериўи мүмкин болған жумысты әмелге асырмаў керек.

Хызметкерлердиң жумыс (себеп) бойынша жоқары шөлкемлерге барыўы оқыў орны басшылығын хабардар еткен жағдайда әмелге асырылыўы тийис. Хызметкерлер хәр қандай жағдайларда да өз хызмет лаўазымынан пайдаланып мүмкин болмаған жеке пайданы алыўы мүмкин емес.

31. Хызметкерлер лаўазымға тайынланып атырғанда ҳәм хызмет ўазыйпаларын орынлап атырғанда өзиниң хызмет ўазыйпаларын зәрүр дәрежеде орынлаўына тәсир ететуғын ҳәм тәсир етиўи мүмкин болған жеке мәпдарлығының барлығы ямаса бар болыў имканияты ҳаққында хабарлаўы шәрт.

32. Сабақ процеси ўақтында уялы байланыс қуралларынан пайдаланыў ҳәмме ушын қадаған етиледи.

## VI. Университетте кийиниў тәртиби ҳәм мәденияты

33. Ер хызметкерлердиң сыртқы келбети азада, пәкизе, шашы тәртипке салынған ҳәм сақалы алынған болыўы тийис.

34. Хызметкерлер хызмет ханаларында үстки кийимде (плащ, пальто, куртка сыяқлылар) жүриўи мүмкин емес.

35. Хызметкерлер университетте диний ибадат липасында, спорт кийими ҳәм аяқ кийиминде келиўи, олардың адамлар дыққатын тартатуғын, атап айтқанда, денени анық, тынық көрсетип туратуғын, желке, көкирек ҳәм қарын, дизеден жоқары бөлимлери ашық қалатуғын ҳәм де ҳәдден зыят тар кийимде, сондай-ақ, наушниклер, металл шынжырлар ҳәм басқа тағыншақлар, сақалды өсирген ҳалда, наскийсиз яки аяқ көринетуғын кишкене наский кийиўи, орамалды жағынан байлаған тәризде оқыў  орынларына келиўи ҳәм сол ҳалатта оқыў  орынларында жүриў мүмкин емес.

36. Ҳаял хызметкерлер өлшемнен артық пардоз (макияж) етиў усыныс етилмейди.

## VII. Хызметкерлердиң өзара мүнәсибетлери

37. Хызметкерлердиң өзара мүнәсибетлеринде – бирден-бир жәмәәт, өзара ҳүрмет ҳәм итибар, дослық, татыўлық, ҳадаллық ҳәм әдалат принциплерине әмел етиўи лазым.

38. Хызметкерлер мүнәсибетинде инсан қәдир-қымбатына ҳүрметсизлик етиў, кемситиў, өзгениң интелектуал мүлкин өзлестирип алыў, қопаллық, уятсыз сөзлер ислетиў, мушласыў, өзгелерге руўхый, материаллық яки физикалық зыян жеткериў қатаң қадаған етиледи.

## VIII. Хызметкерлердиң Кәсип әдепнамасына тийисли мәжбүриятлары

39. Хызметкерлердиң Кәсип әдепнамасына тийисли мәжбүриятлары төмендегилерден ибарат:

- кәсип әдепнамасына әмел етиўде студентлерге үлги болыў;
- университет мәплерине қарсы болған ис-ҳәрекетлерден өзлерин тыйыў;
- бирде-бир кеўилсиз ўақыя яки ҳәдийсе жүз берсе, тезлик пенен ол ҳаққында админстрацияға хабар бериў;
- университет атына ҳәм абыройына дақ түсиретуғын хәр қандай жағдайлардың алдын алыў;
- университет ҳаққындағы хабарлардан оның мәплери ҳәм абыройына зыян жеткериў ушын яки өз мәплери жолында пайдаланбаслық;
- сабақ процессинде студентлерге өз кәсибине тийисли миллий дәстүрлеримиз, үрп-әдет ҳәм қәдириятларымызды енгизиў;
- жаслар арасында саламат турмыс тәризин қәлиплестириў, оларды ишиўшилик ҳәм наркоманлық иллетлерден, басқа түрли қәўипли иллетлерден ҳәм де биз ушын жат болған диний ҳәм экстремистлик тәсирлерден, «ғалаба мәденият» ҳүжжетлеринен абайлы етип барыў;

- билим алыўшыларды руўхый-әдеп-икрамлық тәрбиялаўдың ҳәм агартыу ислердиң нәтийжели формалары ҳәм де методларын ислеп шығыўға көмеклесиў.

## IX. Кәсип әдепнамасында қадаған етилетуғын ҳалатлар

40. Төмендеги Кәсип әдепнамасында қадаған етилетуғын ҳалатлар есапланады:

- хызметкерлер, студентлердиң қәдир-қымбатын кемситиў, өзгелерге жеке ҳәм шаңарақ машқалаларын талқылаў;
- хызметкерлер студентлердиң үстинен түрли өсек, жалалар жүргизиў;
- студентлер менен өз кәсиплеслериниң кәсиплик ҳәм жеке кемшиликлерин анализ етиў;
- студентлерди тийкарсыз оқыў шынығыўларынан шығарып жибериў;
- оқыў шынығыўларында комерция рекламасы өткериў;
- оқыў шынығыўларында диний түсиндириў алып барыў;
- оқыў шынығыўларына мәс, шаш-сақал, алынбаған ҳәм кийиниў тәртибине әмел етпеген ҳалда келиў;
- биналарда спиртли ишимликлер ишиў ҳәм шегиў сыяқлылар қатаң қадаған етиледи.

## X. Админстрация ҳәм хызметкерлер ҳаққындағы Кәсип әдепнамасына тийсли мүнәсибетлер

41. Админстрация ҳәм хызметкерлер ҳаққындағы мүнәсибетлер, өзара хүрмет, татыўлық, мийнет сүйиўшилик, баўрыкеңлик, инсанпәрўарлық, ғамхорлық ҳәм әдалат принциплерине тийкарланады.

42. Админстрация ҳәм хызметкердиң ис хызметине байланыслы мәселелер бойынша бирге ислесиўде бир тәрептиң басқа тәрепке зулым өткериўге яки оған ҳәрекет етиўге, сондай-ақ, әдалат принциплерине ҳәм университет мәнпәәтлерине қарсы болған қарарлар таярланыўына жол қоймайды.

43. Лаўазым дәрежелери тең болған хызметкерлер ортасындағы машқалаларды исши тәртипте шешиўге усыныс етиледи. Лаўазым дәрежелери тең болған хызметкерлердиң жумыс процессиндеги түрли машқалаларды өз ўәкилликлери шеңберинде, админстрацияны тартпаған ҳалда шешиўи мақулланады.

44. Жәмәәтте бирде бир машқала менен админстрацияға мүрәжәт етиў белгиленген тәртип тийкарында шөлкемлестириледи.

45. Админстрация хызметкерлериниң кәсиплик, интелектуал тәрептен раўажланыўлары ушын қолай жумыс орны, заманагөй компьютерлер, интернет тармағынан, китапхана фонды ҳәм хабар-ресурсларынан еркин пайдаланыў, сондай-ақ, дем алыўлары, физикалық жақтан шынығыўлары ушын барлық жеңилликлерди жаратып береди.

## XI. Кәсип әдепнамасын бузғанлығы ушын жуўапкершилик

47. Хызметкерлер тәрепинен Кәсип әдепнамасының бузылыўы ушын нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте жуўапкершиликке тартыў ушын тийкар болыўы мүмкин. Хызметкерлер тәрепинен усы Кәсип әдепнамасында нәзерде тутылған қағыйдалар бузылған жағдайда олар ушын ишки тәртип қағыйдаларында келтирилген ҳалатлар бойынша тийисли иләжлар көриледи.

48. Хызметкердиң минез-қулқынан жәмәәтшилик қадағалаўын тәмийинлеў мақсетинде усы қағыйдаларға әмел етилмеген ҳалатлары университеттеги кәсиплик аўқам комитети, жаслар аўқамы, ҳаял-қызлар кеңеси, кураторлар кеңеси яки жәмәәтшилик кеңесинде анализ етиў әмелияты да енгизилиўи мүмкин.

49. Хызметкерлер тәрепинен Кәсип әдетнамасына әмел етилиўи таңлаў, аттестациялар өткериўде, жоқары ҳәм басқа лаўазымларға таярлаў ушын кадрлар қорын қәлиплестириўде есапқа алынады.

50. Хызметкерлер өзлери жол қойған қағыйда бузылыўы, қағыйда бузылыўының көрип шығылыў процесси ҳаққында хабарды алыў ҳәм өзин қорғаў ушын дәлиллерди усыныў, сондай-ақ, университет қарарлары бойынша белгиленген тәртипте шикаят етиў ҳуқықына ийе.

## XII. Жуўмақлаўшы қағыйдалар

51. Усы Кәсип әдепнамасы Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлиги, Бәнтлик ҳәм мийнет мүнәсибетлери министрлигиниң усынысларын инабатқа алған ҳалда ислеп шығылған болып, оған өзгерис ҳәм қосымшалар киритиў Өзбекстан Республикасы Жоқары ҳәм орта арнаўлы билим министрлиги буйрығы тийкарында әмелге асырылады.

52. Усы Кәсип әдепнамасы Өзбекстан Республикасы Жоқары ҳәм орта арнаўлы билим министрлигиниң 2019-жыл 30-декабрдеги 1201-санлы буйрығы қосымшасы менен тастыйықланған үлги Кәсип әдепнамасы тийкарында ислеп шығылды.